

# Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



## Konprann Pwen Enpòtan SSI: Dwa ak Responsablite



### Ki Dwa Ou Genyen?

Ou gen dwa pou:

- aplike pou benefis yo, **gratis**;
- jwenn èd nan men nou pou ranpli yon fòm aplikasyon epi pou jwenn dokiman ou bezwen;
- jwenn yon moun ede ou avèk demann SSI ou epi pou fè moun nan akonpaye ou lè w prale nan biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou;
- jwenn yon avoka oswa yon lòt moun kalifye ou chwazi pou reprezante ou;
- mande pou wè oswa pou jwenn kopi enfòmasyon ki nan dosye ou;
- jwenn yon **lèt** k ap di w kisa nou deside sou benefis SSI ou ka jwenn epi konbyen lajan n ap peye ou;
- **fè apèl kont** pifò desizyon nou pran konsènan si w ka resevwa benefis SSI, oswa kantite lajan benefis SSI, si w pa dakò avèk desizyon nou;
- jwenn èd yon **entèprèt**, **gratis**, si w pa pale Angle byen ase pou fè biznis avèk nou;
- jwenn èd nan men nou pou jwenn dosye medikal ou; epi
- jwenn kopi lalwa, enfòmasyon sou règleman ki sèvi pou deside sou demann ou.

### Ki Responsablite Ou Genyen?

Ou dwe fè nou konnen lè:

- Ou deplase oswa lè w chanje adrès;
- nenpòt moun ki vin viv lakay ou oswa ki kite kay ou;
- chanjman sou **revni** oswa salè paran ou oswa paran konjwen ou;
- chanjman sou **resous** oswa sou byen paran ou oswa paran konjwen ou;
- ou jwenn èd nan depans ou fè pou viv oswa lè w jwenn revni nan men zanmi oswa nan men manm fanmi;
- konjwen ou oswa nenpòt moun lakay ou mouri;
- ou marye, separe oswa divòse;
- ou chanje non ou;
- ou vin elijib pou resevwa lòt benefis oswa peman;
- ou antre nan yon enstitisyon oswa lè w al viv nan yon enstitisyon (tankou yon lopital, yon mezon retrèt, sant detansyon oswa prizon);
- ou kite Etazini oswa ou retounen Ozetazini;
- yon manda lanse pou yo arete ou pou yon krim oswa pou yon krim ou eseye fè, ki se yon feloni oswa, nan jiridiksyon ki pa klase krim kòm feloni, yon krim ki merite lapèn kapital (lanmò) oswa anprizonman pandan plis pase yon ane.

- yon manda lanse pou yo arete w paske ou vyole yon kondisyon libète kondisyonèl oswa pwobasyon;
- gen yon chanjman nan prezans lekòl (si w poko gen 22 zan);
- ou se yon imigran ki jwenn sponso epi revni sponso ou chanje;
- kondisyon ou vin pi bon, si w resevwa SSI akòz ou [enfim oswa avèg](#); epi
- ou pa ka vini nan randevou ou (yo) nan biwo nou (yo).

## Rapèl

- Si w vin pa anmezi pou jere lajan ou, ou ta dwe rapòte sa nan Sekirite Sosyal.
- N ap ofri sèvis entèprèt gratis depi w fè demann lan pou w ka regle biznis Sekirite Sosyal ou. Tanpri rele nou anvan pou nou ka mete adispozisyon ou yon moun ki pale lang ou. Gade dokiman Pwen Enpòtan SSI sou [Sèvis Entèprèt](#).
- Ou menm ak reprezantan ou dwe ban nou enfòmasyon ki egzat. Li ilegal pou fè espere pou bay fo enfòmasyon.
- Ou dwe ban nou enfòmasyon sou tout tretman medikal ou lè w ap aplike selon yon enfimite.
- Anjeneral, ou gen **60 jou** pou fè nou konnen si w vle fè [apèl kont](#) yon desizyon ou pa dakò.
- Sizoka ou mouri, yon manm fanmi ou oswa yon zanmi ou ta dwe fè nou konnen sa.



Dokiman sa a gen ladan rezime jeneral sou dwa ak responsablite ou pou SSI. Nou pa vle di pou enfòmasyon yo kouvri tout pati lalwa a. Pou enfòmasyon spesifik sou dosye ou, kontakte Sekirite Sosyal.

## Pou plis enfòmasyon

Tanpri ale oswa voye yon lèt nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal, oswa rele nou gratis nan nimewo **1-800-772-1213**. Ou ka pale avèk yon anplwaye ant 7 a.m. ak 7 p.m. nan jou biwo louvri. Kèkeswa lè ou rele, mete nimewo Sekirite Sosyal ou prè.

Gen anplwaye ki pale Panyòl k ap la pou pran apèl ou yo. Swiv enstwiksyon yo nan lang Panyòl pou w ka jwenn yon anplwaye ki pale Panyòl.

Enfòmasyon ak sèvis ki anrejistre yo disponib **24 èdtan** pa jou, epi yo disponib nan wikenn ak jou fèt tou.

Si w kontakte biwo nan zòn ou oswa si w rele nou gratis nan sèvis nimewo **1-800** epi si w bezwen yon entèprèt pou kominike avèk nou, n ap ba ou youn **gratis** depi w fè demann lan

Si w gen yon aparèy TTY, ou ka rele gratis nan nimewo TTY la, **1-800-325-0778**, ant 7 a.m. ak 7 p.m. nan jou biwo louvri.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite—si apèl yo fèt nan nimewo telefòn gratis nou yo, oswa nan youn nan biwo lokal nou yo. Nou vle asire tou ou resevwa sèvis egzat ak koutwa. Se pou rezon sa a nou genyen yon dezyèm anplwaye Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.

Ou ka ale tou nan wèbsayt nou sou Entènèt: [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov) pou lòt sijè ki konsène SSI oswa Sekirite Sosyal.